

AVI KONSÈNAN AVANTAJ FAMASI POU KONPANSASYON TRAVAYÈ

Tanpri li avi sa a avèk anpil atansyon. Li ba ou enfòmasyon ki enpòtan sou fason pou jwenn medikaman nan yon demann konpansasyon travayè.

The New York State Insurance Fund (NYSIF) fè yon akò avèk CVS Caremark, yon Manadjè Avantaj Famasi (PBM), ki gen yon rezon famasi pou mete disponib medikaman travayè yo ka resevwa pou chòk oswa maladi yo pran ki **asosye avèk travay** yo. Sa pa chanje dwa ou pou jwenn medikaman ki nesèsè pou trete yon maladi oswa yon chòk konsa. Sa vle di sèlman ou ta dwe jwenn medikaman yo nan famasi rezo CVS Caremark. Ou kapab jwenn famasi yo ak adrès yo, depi ou:

- Rele Sant Apèl **CVS Caremark nan nimewo (866) 493-1640**, oswa
- Itilize sitwèb <http://www.wcrxpharmacylocator.com> oswa
- Itilize sitwèb nysif.com NYSIF

Si w ap pran medikaman ou nan yon demann konpansasyon travayè, ou ta dwe pran medikaman an nan youn nan famasi sa yo, sof si:

- Ou gen yon ijans medikal epi li pa posib yon fason rezonab pou achte medikaman ou bezwen yo pou ijans lan nan yon famasi rezo a, oswa
- Fè kòmman pa lapòs oswa nan telefòn se pa yon posiblité nan rezo a, okenn famasi ki nan rezo a p ap fè livrezon an pou ou, epitou okenn nan famasi sa yo pa sou yon distans 15 mil avèk lakay ou si w ap viv nan yon zòn riral, oswa sou yon distans senk (5) mil avèk lakay ou si w ap viv nan yon zòn riral. Si ou kwè sa se ka pou ou, tanpri rele youn nan nimewo ki anba paj sa a.

Tanpri sonje CVS Caremark gen sèvis kòmman pa lapòs, sèvis nan Entènèt ak sèvis nan telefòn. Ou kapab jwenn eksplikasyon yo depi ou rele Sant Apèl CVS Caremark nan nimewo (866) 493-1640.

Tout famasi ki nan rezo a gen obligasyon pou toujou gen yon estòk medikaman ki ase nan biznis yo pou yo kapab sèvi ou san okenn reta.

Tout famasi ki nan magazen yo dwe louvri pou biznis yo pandan lè ki nòmal nan kominote ou. Famasi ki nan rezo CVS Caremark yo ap voye bòdwo dirèkteman ba NYSIF. **Ou p ap gen pou fè depans pou medikaman yo avèk lajan nan pòch ou.**

Ou ka jwenn lòt enfòmasyon sou famasi rezo CVS Caremark nan sitwèb ki endike anba la a: <http://www.wcrxpharmacylocator.com> swa nimewo telefòn gratis pour rele 24 èdtan pa jou: (866) 493-1640.

Si ou gen kesyon oswa pwoblèm, tanpri rele NYSIF nan nimewo (888) 875-5790. Ou ka kontakte Komisyon Konpansasyon Travayè Eta New York tou nan general_information@wcb.ny.gov oswa nan telefòn nan nimewo (877) 632-4996, oswa Defansè pou Travayè ki Pran Chòk nan nimewo (800) 580-6665. Ou ka jwenn lòt enfòmasyon tou sou sitwèb www.wcb.ny.gov.

MOUN KI GEN KONTRA ASIRANS – TANPRI AFICHE AVI A YON FASON KI VIZIB